


Sergent BUCINDIKA Séleman Alias Jacques
Matricule : 68872
Infraction : Viol
Date d'arrestation : -
Date d'entrée : Le 21 Août 2008
No du dossier : RMP126690AN

Mpimba, le 12/07/2009

Sous couvert de Monsieur
le Directeur de la Prison Centrale de
Mpimba



Kuri Nyakubahwa Umushikirizamanza
Mukuru wa Republika y'Uburundi
I
BUJUMBURA.

IMVO : Gutanga inkuru

Nyakubahwa,

Jewe Sergent Bucindika, Matricule 68872 mperutse gukizwa nkaba ntogumana icaha co kubeshera no gufungisha bagenzanye rero nkaba nifujeko nobamenyesha ukuntu vyagenze kandi bimeze.

Jewe rero narinsanzwe mvugwako ndi umwe mubagiriza ubwicanyi bwabereye i Muyinga nkaba ndi mubacitse kw'icumu muri ubwo bwicanyi ; nkaba ndabamenyeshejeko birya bivugwa atari vyo vyabaye irementanya ryari ryateguwe n'amashirahamwe n'amaradio RPA. Vyateguwe na Pierre Claver MBONIMPA, Président we APRODH hamwe na Alexis SINDUHIJE yararongoye RPA

Jewe rero uko vyegenze kirya gihe twarafashwe hama tujanwa gufungwa mw'ikambi yo ku Mukoni mugabo ico ndabiziko n'uko badupfunze nabihama harageze igihe turatoroka dutorokana abari baducunze hama bwakeye twigiriye duca dufata inzira ija muri Tanzania. Ariko ntivyankundiye jewe kubera ndi Umusirikare ari naho naca mfata ingingo yo guhungira muri APRODH abandi babandanya muri Tanzania. Ico gihe niho baca bambwira bati none ko wacitse kw'icumu ntiwodufasha ukavugako bishe abantu baribapfungiwe mw'ikambi ku Mukoni ?Baraheza barampanga ndabivuga ; ni uko rero irementanya ryatanguye. Ikibazo mpaye umusomyi « Iyo umuntu umufashe hama umuryango wiwe ukaza kumuraba uzi ko ar wewe umufise hama umugemuriye akamubura hama ukavugako utazi iyo ari uca ufatwa na vyinshi bagaca bakwagirizako wabishe. Ni uko rero bapfunzwe bagenzanye kuko nikimenyamenya nuko jewe nabo bapfunzwe ata n'umwe twari tuzinanyi murazi ko irementanya barikoreye umuntu rimufata, rero abo bari muri Tanzania ntibashobora kuboneka amahera amashirahamwe yabemereye kubasabira y'indishi y'akababaro atabonetse ; n'ubu abonetse boca barara batashe.

Nyakubahwa, jewe nakuriye kuri rurya ruzi ndaruroberako nta musi wijana ata kiziga kimwe canke bitatu riranga bitahaciye rero vyumvuikanako uwushaka imfashanyo atari kubura ico afatirako. Ikiziga kiri mu mazi ntigishobora kumara ukwezi gikomeye, rero hari vyinshi ico gihe y-afotora yafotora ibitarivyo ku Ruvubu. Na rurya jw'irya Vital Bangirinama yavuze siryo kuko ryafomewe muri Tanganyika Studio One mw'i Rohero. Niho nari ryahinguwe na rwa runani rw'abakozi ba SINDUHIJE. Mbere ico gihe naba kwa SINDUHIJE iyindi misi nkajanjwa kwa MBONIMPA mbere uyo musi niho yari mbere niho baca bantegeka